EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 6.051 www.in-academy.uz




# МИЛЛИЙ МУЗЫКАЛЫҚ ДӘСТҮРЛЕР – ХАЛЫҚТЫҢ ЖАНЛЫ ДАЎЫСЫ, ОНЫҢ ТАРИЙХЫ, ҚАЙҒЫСЫ ҲӘМ ДЕ ҚУЎАНЫШЛАРЫ СЫҢҒЫРЛАҒАН ЖЫЛНАМАСЫ

**Маткаримова Г.**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы 1 курс студенти
**Бекполатова Алтынай**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы оқытыўшысы
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10200216

**ARTICLE INFO**

Received: 16th November 2023
Accepted: 21th November 2023
Online: 23th November 2023

**KEY WORDS**

*Qoraqalpoq xalq musiqa madaniyati, saxnasi, musiqiy ijodi, qoraqalpoq xalq qo`shig`i, xalq artisti, janri.*

**ABSTRACT**

*Xalq musiqasi an’anasi zamonaviy musiqa san’atining buguni va kelajagi asosida shakllangan bo‘lib, maktablarda musiqa ta’limining maqsadi musiqachilarga musiqa o‘rgatish, ularda ma’naviyat va hissiyot tuyg‘ularini rivojlantirishdan iborat.*

Халық музыка мийрасымыздың тарийхый ҳәм ҳәзирги күн талапларын көрип, үйренип барылыўы, мектеплерде музыка тәлиминиң тийкарғы мақсети оқыўшыларға музыка мәдениятын үйретиў, оларды руўхый мәнаўий сезимлерин раўажландырыў дәстүрлери ғарезсизлигимизди қолға киригкеннен кейин қәлиплесип киятыр. Миллий дәстүрди әмелге асырыўды педагогикалық тәлимге, оқышыларда жоқары мәнаўий пазыйлетлерди бай мәдений мийрас үлгилерине ҳәм өз миллий дәстүрлерине садықлық руўхында тәрбиялаў жуўапгершилиги жүклетилген. Ҳәзирги ўақытта ғәрезсиз елимизде усы мәселелер бойынша көплеген жумыслар исленбекте.

Бул халықтың дәстүрий тәрбиялық, жәмийетлик ислери сабық совет дүзиминде тәрбия мәселелери бир идеологиялық түрде қәлиплесип келди, бирақ, ҳәр бир халық өз миллий идеологиясына, миллий менталитетине, үрп-әдетлерине, динине ҳәм мәнаўий сезимлерине ийе емес еди. [1.Б.70-71]

Қарақалпақ халқы узақ өтмиш, өткен дәўирлерде де тәлим – тәрбия менен шуғылланған. Қарақалпақ халқы узақ түнлерди таңларға атырған кешелерде музыка атқарыўшылары халық тарийхынан сөз ашып, елдиң қайғы ҳәсиретлерин қосықларға түсирип жырлап, мәнаўий дәстанларды атқарып, жасларға тәрбиялық сабақ берген. Бул тәрбиялық әҳмийетке ийе болған жыйынларды халық қаҳарманлары ушын күшлерине күш қосылатуғын насиятлы терме-толғаўлар арқалы руўхый мәдет берип келген. Халық бул атқарыўшы қосық-жырлары арқалы өз тәшўишин умытқан, ҳәм руўхый медет берген.

Сол пидайы хызмет ийелеринен ең әҳмийетли кәсип ийеси бул педагоглар. Әсиресе, жаслардың миллий мәнаўий сезимлерин тәрбиялаўда, сондай-ақ, музыка мәденияты арқалы тәрбиялаўшы музыка оқытыўшысының хызметлери оғада әҳмийетли.

Қарақалпақ халқы узақ өтмиши даўамында өз музыка мәдениятына, тарийхына, устаз-шәкирт дәстүрлерине, өз миллийлик сезимлерине ийе болып киятырған ел саналады. Китап, жазыў-сызыў қәлиплеспеген ўақытларда халық қосықлары, дәстанлар, термелер жәмийет ушын өзине сай сабақлық, китап ҳәм мектеп ўазыйпасын атқарған. [2. Б.254]

Сонлықтан да ата-бабаларымыздың саламат әўладты мәнаўий руўхта тәрбиялаўдағы, руўхый бай адамларды қәлиплестириўде биринши педагог муғаллим, дәслепки оқытыўшы халықтың өзи деп бийкар айтпаған.

Тәлим-тәрбия тараўында дәстүрлерден пайдаланып уллы шығыс ойшыллары Әл-Фарабий, Алишер Наўайы, Али Кусши, Ибн Сино сыяқлы данышпанлар өз мийнетлериниң бир бөлегин музыка мәдениятына бағышлаған. Олар өз мийнетлеринде инсанның психологиясы, философиясы ҳәм тәрбиясында музыка мәдениятын, музыка даўысларының оте әҳмийетлилигин илимий дөретпелеринде, жазбаларында айтып өткен.

Уллы шығыс ойшылы Әл-Фаробийдиң - «Музыка пәни сол мәнисте пайдалы болып, кимниң минези тең өлшемлиликти жоғалтқан болса, оны тәртипке келтиреди» деген сөзлери инсан тәрбиясында музыканың тәрбиялық әҳмийети күшли екенин аңлатады ҳәм оны ҳәзирги күнде актуаль мәселелерди әмелге асырыўда пайдаланылады.

Қарақалпақ ойшыллары ел гезип миллий мәнаўий устаз-шәкирт дәстүрин ислеген жыраў бақсылар - Сыпыра жыраў, Жийен жыраў, Ажинияз, Бердақ усаған шайырлаымыздың миллий музыка мәдениятын байытыўда өз дөретиўшилиги менен хызмет еткенлигин айтады.

Қәдимги ата-бабаларымыз ел журттан шығып дүнья гезип, саўат ашып, мүсәпирликте жүрип олар Ўатан, Ана журт сағынышын өзлеринде түйип өз Ана Ўатанына болған, миллетине болған сүйиспеншилиги раўажланып өзлеринде миллий мәнаўий сезимлерди, билимин қәлиплестирип ел ушын устаз, данышпан ўазыйпаларын орынлаған. [3. Б.98]

Ата-бабаларымыз қыйын заманларда өз миллий музыка дәстүрлери, олар арқалы өз миллий тарийхын сақлаған екен, биз ғәрезсиз елимизде, ҳәр тәреплеме мүмкиншиликлерге ийе мәмлекетимизде бул мийрасты келешек әўладқа және де күшли мәмлекет болыўы ушын жасларды тәлим-тәрбиялы, саўатлы, саламат ҳәм бахытлы болыўлары ушын ҳәрекет етиўимиз керек болады.

Ҳалқымыз ерте дәўирлерден баслап-ақ тәлим-тәрбия мәселесин биринши орынға қойған ата-бабаларымыздан мийрас болған. Олар қарақалпақ халық қосықларын, дастанларын, рәўаятларын, қыссаларын кешелерде, той- тамашаларда, мерекелерде жийналысып атқарып жас әўладларды елди тарийх, мәдения, этика-эстетика, музыка, көркем әдебиятлар менен таныстырып барған.

Барлық халықлар қатарында қарақалпақ миллий музыкасы да миллет тили, руўхыйлығына сайлығы, дөретиўши халықтың үмитлери, сезимлерин тыңлаўшыға жеткереди. Буларды ҳәттеки қосықлардың сөзлерин еситпей турып, намада шертилип атырған ритм, ырғақтан ҳәм олардың муңлы ямаса шоқлығын, мажор ямаса минор кейпиятин анықлап алыўымызға болады. Ең кереги нама қосықтың басланыўынан-ақ оның қайсы халықтики, қайсы миллеттики екенлигин тез байқаўымыз мумкин.

Ҳәр бир миллеттиң өз миллий менталитети оның «тық» еткен музыка даўысынан-ақ сезилип турады. [4. Б.22-23]

Ҳәзирги кунде де қарақалпақ халық қосықларын мәмлекетлер арасында еситкенимизде шет елдеги досларымыз бундай халқымыздың усындай музыкалары, саз асбаплары, кийими, дәстүрлери менен танысады. Биз де олардың бундай ойлап атырғанлығын сезип өзимизде усы халық биз деп, мақтаныш етемиз, Ана Ўатан сезимлерин жүрегимизде және де терең орын алғанлығын сеземиз, кеўилимиз өседи. Буны тек биз емес, бәлки келешек жасларымызда, өз журегинде сезе алады.

Музыка миллет сезимлерин өзиндеги бай интонация мүмкиншиликлерди, сезимлер баянатын даўыслар арқалы, образлы етип түсиндиреди. Әне сол әҳмийети менен бул искусствоның образларды сүўретлеўши, тәриплеўши басқа түрлери - суўретлеў өнери, мүсиншилик, кинодан өзгеше. Мәселен, Ф.Шопенның «Қайғы маршы»ны еситкен адам муңлы сезимлери арқалы қарақалпақ халық миллий дәстүрлеринен Қыяс жыраў ҳәм де Шамурат жыраўдың «Ай туўар» хошласыў жырын тыңлағанда да халықтың жаўлардан қутқарып, қайтыс болған перзентлери кѳриниси, халықтың азамат батырлар менен хошласыўы пейзажы көз алдына келеди. Музыка доретиўши бул пейзажды өз ноталары ямаса өз музыкасы, даўыс қатарлары менен жаратады. [5. Б.25-26]

Бундай идеологиялық сезимлер ҳәмме елдиң өз доретиўшилик ислеринде Ўатан сезимлери көринип турады. Бул болса музыканың руўхый тәрбия бериўши, көрсетиўши жарық мысалы бола алады.

Қарақалпақ миллий музыка дәстүрлериниң руўхый, мәнаўий тәрбиялаўшы мүмкиншиликлерин асырыўшы аспектлер бир талай, булар:

- өзине сай интонация мумкиншиликлери;
- тусиндириўши қураллары халықшыллығы;
- атқарыўдың миллий саз асбабында шертип еситтирилиўи;
- атқарыўларды тыңлаўшыға толық ҳәм мазмунлы жеткере билиў уқыплылығы;
- хор шығармаларының миллий мәнаўий руўхта жазылған ямаса миллий сезим менен суўарылған болыўы;
- халық қосықларын хор ямаса басқа жанрларға аўдарылып идеялогиялық сезимлерин сақлаған жағдайда шығармалар жаратыў;
- олардың жәмәәт, топар болып, көпшилик арасында әмелге асырыўында;
- атқарыўшылықтың дәстурге айландырылғанлығы;
- сабақ ямаса сабақтан тыс оқыў процесин жаңа педагогикалық технология, интерактив сабақлар арқалы оқыўшыларға, талабаларға, тез сиңип барыўшы методлар арқалы жеткериўде ҳәм т. б. [5. Б.25-26]

Ане сол мумкиншиликлериниң киши бөлеклери арқалы оқыўшыларды миллий идеологиялық сезимлерини қәлиплестирип келешек әўладқа да жеткереди. Бул болса халықтың көркем эстетикалық, руўхый идеялогиясы тарбия бирлигиниң тәсирли тури сыпатында қымбатлы.

Миллий музыкалық дәстүрлер – халықтың жанлы даўысы, оның тарийхы, мийнети, турмысы, өмири, қайғысы ҳәм де қуўанышлары сыңғырлаған жылнамасы.

## References:


1. Вызго Т.С. Развитие музыкального искусства Узбекистана и его связи с русской музыкой (Ўзбекистонда мусиқа санъатининг ривожланиши ва унинг рус мусиқаси билан алоқаси). -М.; Музыка, 1970, 70-71-бет.
2. Didaktika. -1997 yil. «Fan» nashriyoti. Buxoro 254b
3. Ходжаметова, Гулчира Илишевна. "Становление и развитие хореографического искусства в Республике Каракалпакстан." *Science and Education* 1.5 (2020): 251-258.
4. Ходжаметова Гулчира. "Қорақалпоқ Халқининг Миллий Маданий Қадриятларининг Ифодаси." *Journal of Culture and Art* 1.9 (2023): 9-13.
5. Ходжаметова, Гулчира. "История Развития Искусства Хореографии В Каракалпакии." *Journal of Fundamental Studies* 1.10 (2023): 117-122.
6. Ходжаметова, Гулчира. "Исторические, Культурные И Духовные Традиции Каракалпакского Народа." *Journal of Culture and Art* 1.6 (2023): 3-7.
7. Ходжаметова, Гулчира. "Замонавий фортепиано мусиқаси ижрочилик маданиятининг услубий ранг-баранглиги." *Journal of Culture and Art* 1.1 (2023): 11-15.
8. Khodjametova, Gulchira. "Dastans are the main genre of korakalpok folklore." *international journal of social science & interdisciplinary research issn: 2277-3630 Impact factor: 7.429* 12.02 (2023): 52-54.
9. Xodjametova, Gulchira. "O'quvchi tarbiyasida individual yondashish samaradorligini oshirishi." *Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры* 3.1 Part 3 (2023): 101-105.
10. Alliyarova, Marjan, and Gulchira Xodjametova. "O'quvchilarning Qo'shiq Aytishida Ustozning Ta'sir Etish Usullari." *Miasto Przyszłości* 27 (2022): 123-124.
11. Xodjametova, Gulchira. "Dirijyorlik etishda qo 'llarning togri holati." *Oriental Art and Culture* 3.1 (2022): 465-470.
12. Xodjametova, Gulchira. "Dirijyorlikda o 'ng va chap qo 'lning alohida va umumiy vazifalari." *Oriental Art and Culture* 2.4 (2021): 388-392.
13. Ходжаметова, Г. "Үзиликсиз музыкалық тәлим--тәрбия барысында педагогика ҩәм оған қойылатуғын талаплар." Т*араз мемлекеттік педагогикалық университетінің Хабаршысы*: 105.
14. Ходжаметова, Г. "ўзбек халқ оғзаки ижодининг тарихий тараккиёт боскичлари. қадимги давр фольклори." Т*араз мемлекеттік педагогикалық университетінің хабаршысы*: 124.
15. Ходжаметова, Г.И. "Қарақалпақ миллий операсының тарийхий әпсанасындағы «Тумарис» поэмасы." *Тараз мемлекеттік педагогикалық университетінің хабаршысы*: 145.